

Kesyon moun konn poze souvan sou sèvis tretman pou abi sibstans pou jèn ak fanmi yo

Kisa yon tretman pou abi sistans ye?

Sèvis tretman pou abi sistans yo (substance use treatment, SUT) se yon seri pwogram ak entèvansyon ki la pou ede moun simonte powblèm ki gen rapò avèk konsomasyon ak adiksyon ak medikaman, dwòg oswa alkòl. Anjeneral, sèvis sa yo gen ladan yo evalyasyon, detoksifikasyon, terapi, konsèy, tretman pa mwayen medikaman (sitou pou adilt yo) ak gwoup sipò. Objektif la se ede moun nan jere faktè fizik, sikolojik ak sosyal ki lakòz li abize sibstans, ede li retabli epi ede li mennen yon vi ki an sante e ki pi pwodiktif. Moun nan ka resevwa tretman an diferan kote, tankou nan yon etablisman pou pasyan ki pa entènè oswa pou pasyan ki entènè, epi tretman an adapte ak bezwen chak moun.

Kiyès ki kalifye pou sèvis SUT yo atravè Children's System of Care (CSOC)?

Se kritè American Society of Addiction Medicine (ASAM) tabli yo ki detèmine si yon moun kalifye pou sèvis SUT yo. Yon jèn ki genyen 13 lane pou pi pitit men ki poko rive nan 18 lane gendwa kalifye pou sèvis SUT atravè PerformCare. Jèn ki genyen 18 lane yo gendwa kalifye pou sèvis SUT yo tou si yo nan lekòl segondè oswa si w ap kontinye etid yo, epi li t ap pi apwopriye pou yo jwenn sèvis nan pwogram pou adolesan yo. Si yon jèn vin gen 18 lane (oswa 19 lane si yo te entènè lè l te gen 18 lane) pandan l ap resevwa sèvis nan yon pwogram SUT ki gen yon kontra avèk CSOC, PerformCare gendwa kontinye bay otorizasyon an jiskaske jèn nan pare pou l fè transizyon nan yon lòt nivo sèvis. Lè li fini ak tretman l ap resevwa a, jèn nan gendwa fè transizyon nan sèvis SUT pou adilt.

Kijan pou m jwenn sèvis SUT atravè CSOC?

Jèn yo oswa fanmi yo ka poze kesyon sou sèvis SUT yo si yo rele PerformCare nan 1-877-652-7624. PerformCare pral poze plizyè kesyon pou detèmine sa ki pou fèt. Jèn yo oswa fanmi yo ak patnè sistèm CSOC a, tankou yon jesyonè swen nan yon òganizasyon jesyon swen (Care Management Organization, CMO) oswa yon asistan sosyal nan Divizyon pou Pwoteksyon ak Pèmanans Timoun nan (Division of Child Protection and Permanency, DCP&P), kapab kontakte konpayi ki bay sèvis SUT pou pasyan ki pa entènè e ki gen kontra ak CSOC dirèkteman pou mande sèvis tretman oswa sèvis tretman entansif pou pasyan ki pa entènè. Yon jèn ka jwenn sèvis tretman rezidansyèl atravè CMO l la.

Si jèn nan pa ranpli kritè klinik yo pou jwenn SUT, PerformCare ka ba l enfòmasyon pou refere l nan lòt sèvis. Si jèn nan deja jwenn sèvis atravè yon CMO oswa si l deja jwenn sèvis repons ak estabilizasyon mobil (MRSS), ajans sa yo kapab ede l jwenn SUT.

Ki wòl PerformCare jwe pou jere sèvis SUT yo?

Jèn nan, fanmi li oswa moun k ap pran swen l yo ansanm ak pwofesyonèl sante yo ka rele PerformCare pou l resevwa yon evalyasyon, enfòmasyon ak yon referans pou l jwenn sèvis SUT. Òganizasyon ki bay sèvis SUT yo ki gen kontra avèk CSOC kapab kominike avèk PerformCare pou jwenn yon otorizasyon pou sèvis yo. PerformCare konfime nivo swen ak plan tretman jèn nan konfòm ak kritè pou l kontinye sèvis yo nan kad pwosesis sa a.

Èske sèvis SUT sa yo volontè? Èske jèn nan gen pou l bay konsantman li?

Sèvis sa yo volontè epi jèn nan dwe bay konsantman l pou l jwenn sèvis SUT yo.

Èske enfòmasyon ki gen rapò ak sèvis SUT ki disponib atravè CSOC se enfòmasyon ki konfidansyèl?

PerformCare respekte règlementsasyon sou konfidansyalite ak lavi prive ki n an lwa yo rele Health Insurance Portability and Accountability Act la (HIPAA), ansanm ak egzijans ki tabli nan 42 CFR Pati 2 sou konfidansyalite dosye ki gen rapò avèk abi alkòl, medikaman ak dwòg. N ap pataje enfòmasyon sou abi sibstans ki pwoteje anba 42 CFR Pati 2 sèlman selon sa 42 CFR Pati 2 pèmèt nou fè e selon fòm konsantman jèn nan te ranpli a. Anjeneral, konsantman an pèmèt pou enfòmasyon yo pataje ant PerformCare, pwofesyonèl sante ki bay tretman an ak nenpòt òganizasyon k ap jere swen yo. Sèl moun ki ka jwenn enfòmasyon sa yo si moun ki bezwen yo pou bay sèvis yo oswa pou pran dispozisyon pou jèn nan resevwa sèvis yo. Fòm konsantman ki egzije selon 42 CFR Pati 2 a disponib sou paj sa a: www.performcarenj.org/content/dam/amerihealth-caritas/performcare-nj/pdf/provider/substance-consent-form.pdf.

Èske PerformCare aksepte jèn ki dwe suiv yon tretman paske yon tribinal te bay yo lòd pou yo fè sa?

PerformCare aksepte jèn ki dwe suiv yon tretman paske yon tribinal te bay yo lòd pou yo fè sa epi l ap pran dispozisyon pou fè yon evalyasyon abi sistans pou detèmine ki entansite sèvis jèn nan ap bezwen. Lè yon jèn pase devan yon tribinal pou jèn, ajan tribinal konte a kapab refere l dirèkteman.

Kijan yon jèn ka revoke oswa modifiye konsantman li te bay pou divilgasyon enfòmasyon yo?

Jèn nan ta dwe pale avèk pwofesyonèl sante k ap ba l tretman l lan pou revoke yon konsantman li te siyen oswa pou modifiye dispozisyon ki nan konsantman li te bay la. Yon revokasyon pa p aplike pou okenn enfòmasyon ki te gentan divilge nan kad konsantman li te deja bay la. Lè konsantman an revoke, se pwofesyonèl sante a ki dwe fè tout sa ki nesesè pou revoke aksè nan enfòmasyon yo. Jèn nan kapab ranpli yon nouvo fòm konsantman nenpòt lè. Li ka jwenn fòm sa a nan men pwofesyonèl sante l la oswa sou sitwèb PerformCare a, epi li ka voye l pa lapòs oswa nan faks bay PerformCare oswa pwofesyonèl sante a.

Ki kalite sèvis SUT ki otorize?

Sèvis nan nivo 1/1.5 pou pasyan ki pa entène ak sèvis entansif nan nivo 2.1 pou pasyan ki pa entène

Pwogram pou pasyan ki pa entène yo bay konsèy pou moun ak/oswa gwoup pou jiska sizèdtan pa semèn. Yon tretman entansif pou pasyan ki pa entène se yon tretman panedan sizèdtan pa semèn oswa plis, epi jèn nan ka resevwa sèvis yo twa fwa oswa kat fwa chak semèn.

Sèvis rezidansyèl akoutèm nan nivo 3.7

Yon jèn ki aksepte nan yon pwogram SUT rezidansyèl akoutèm (Short Term, ST) ap jwenn yon [òganizasyon jesyon swen](#) ki asiyen pou li pou kowòdone reyinyon ki pral fèt avèk ekip timoun/fanmi an (Child/Family Team, CFT), pou aplike plan sèvis individyèl yo (Individual Service Plans, ISP) e pou fasilite pwosesis kalifikasyon sipoze a (Presumptive Eligibility, PE) ki nesesè pou finanse plasman sa a.

Sèvis jesyon sevraj nan nivo 3.7

Sèvis jesyon sevraj yo disponib si yon jèn gen sentòm ki montre li nan sevraj akòz yon pwoblèm abi sistans. Jèn nan ka entène diferan kote, tankou nan yon lopital, nan yon sant kriz oswa lakay li, pa egzanp. Pou jwenn sèvis sa yo, kontak la ap fèt ak òganizasyon ki gen kontra avèk CSOC yo dirèkteman. Epitou, PerformCare kapab fè yon evalyasyon pou detèmine si jèn nan bezwen sèvis jesyon sevraj e pou kowòdone aksè nan swen yo. Ekip medikal la ap siveye jèn nan pou jiska senk jou.

Sant tretman rezidansyèl – Sante konpòtmantal/Abi sibstans (RTC-BH/SU)

Pwogram RTC-BH/SU yo se pwogram ki gen yon ekip siveyans 24 sou 24 e ki bay sèvis klinik ki enkli tout bagay nan yon etablisman terapetik nan kominote a pou adolesan ki genyen ant 13 ak 18 lane pandan yo toujou gen dwa pou yo jwenn yon edikasyon lekòl. Pwogram RTC-BH/SU yo chita sou yon modèl prestasyon sèvis ki entegre epi yo bay sèvis pèsonalize pou ede moun yo jere pwoblèm abi sistans ak sante mantal. Jèn yo resevwa entèvansyon klinik ki adapte ak moun ki sibi twomatis e ki baze sou bonjan prèv, sèvis sikofamakoloji (lè sa apwopriye pou rezon klinik), sèvis medikal, fòmasyon pwofesyonèl estriktire ak pwogram pou aprann konpetans pou viv yon fason ki endepandan nan yon anviwònman ki kontwole, ki estriktire, ki gen sekirite e kote gen anpil sipèvizyon. Jesyonè swen CMO yo oswa asistan sosyal DCP&P yo k ap chèche yon sant tretman rezidansyèl pou moun ki gen plizyè pwoblèm anmenmtan atravè yon pwogram ki gen yon kontra avèk CSOC dwe patisipe nan yon [demann referans ki pa fèt nan kay la/egzamen telefonik](#).

Pou konbyen tan jèn yo resevwa sèvis SUT yo?

Yo rekòmande pou sèvis SUT pou pasyan ki pa entène yo dire anviwon 90 jou (twa mwa). Yo gendwa rekòmande pou sèvis yo kontinye pou jèn nan ka kontinye aplike sa l te aprann pandan twa premye mwa yo. Pwogram tretman yo ap evalye pwogrè jèn nan te fè yo epi yo pral travay avèk fanmi yo pou detèmine sa ki pou fèt annapre. Sèvis jesyon sevraj yo kapab dire jiska senk jou. Pwogram rezidansyèl akoutèm yo konn dire 30 rive 90 jou.

Sepandan, etandone yo bay swen ki pèsonalize, yo gendwa dire plis tan toujou. Chak jèn ki bezwen swen alontèm e ki entène nan yon RTC ki bay tretman BH/SU evalye poukont li epi kantite tan l ap rete nan pwogram nan pral depann de bezwen klinik li yo.

Ki kote sèvis SUT sa yo ye?

Pwofesyonèl ki bay sèvis SUT ki gen yon kontra avèk CSOC yo diferan kote nan Eta New Jersey. PerformCare kapab bay enfòmasyon epi refere jèn nan pou sèvis sa yo selon konte a ak distans ak lakay li a. Tanpri ale sou [sitwèb PerformCare a](https://www.performcarenj.com) pou jwenn plis enfòmasyon.